



Haitian Creole Edition
Grade 4 Mathematics Test, Book 3
May 5–7, 2010

**Pwogram Egzamen Eta Nouyòk
Egzamen Matematik
Liv 3**

Ane **4**

5–7 me 2010

Non _____



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703.
Copyright © 2010 by the New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or
by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of the New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstriksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si ou montre travay ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.

40

Kyle ap fè 9 kalòj zwazo. Li itilize 8 klou pou chak kalòj. Si Kyle gen yon bwat ki gen 100 klou ladan l, konbyen klou k ap rete apre li fin fè kalòj yo?

Montre travay ou.

Repons _____ klou

Kontinye

■ SECURE MATERIAL ■

Do not reproduce. Do not discuss contents
until end of designated makeup schedule.

41

Faye, Martin, ak John gen otokolan. Faye gen 18 etikèt kolan. Li bay Martin kèk nan etikèt kolan l yo epi kounye a li gen 7 otokolan ki rete.

Ekri yon fraz nimerik ki ka sèvi pou jwenn kantite etikèt kolan Faye bay Martin.

Fraz Nimerik _____ = _____

Kounye a Faye gen 7 etikèt kolan. John gen defwa plis etikèt kolan pase Faye. Konplete fraz nimerik la anba a ki ka sèvi pou jwenn kantite etikèt kolan John genyen.

Fraz Nimerik _____ \times 7 = _____

42

Dennis achte yon pòm pou l manje apre lekòl. Li peye pou pòm lan ak lajan yo montre pi ba a.



Vennsenk
santim



Vennsenk
santim



Vennsenk
santim

Pri pòm lan se \$0,57. Konbyen kòb monnen pou Dennis resevwa?

Montre travay ou.

Repons \$ _____

Kontinye

43

Madmwazèl Upton depanse yon total \$42 pou 3 chanday pou ptit li yo. Chak chaday koute menm kantite kòb la. Konbyen kòb chak chaday koute?

Montre travay ou.

Repons \$ _____

44

Mesye Williams resevwa 35 bwat liv nan libreri l la. Te genyen 10 liv nan chak bwat. Ki kantite total liv Mesye Williams resevwa?

Montre travay ou.

Repons _____ liv

Kontinye

■ SECURE MATERIAL ■

Do not reproduce. Do not discuss contents
until end of designated makeup schedule.

45

Ashley ekri ekwasyon ki anba a.

$$(60 \times 3) \times 4 = 60 \times (\underline{?} \times 4)$$

Ki nonb ki dwe ekri sou liy la pou fè ekwasyon an vre?

Repons _____

Sou liy anba yo, eksplike pouki nonb ou chwazi a fè ekwasyon an vre.

46

Gen 60 moun ki monte mòn pou plezi ki bezwen travèse yon lak sou bato. Chak bato ka kenbe jiska 7 moun. Ki pi piti kantite bato ki nesesè pou mennen tout moun yo sou lòt bò lak la nan yon gress trajè?


Montre travay ou.

Repons _____ bato


Kontinye

47


Madmwazèl Garcia ap chèche achte yon tapi nèf.



Tapi A



Tapi B



Tapi C

Madmwazèl Garcia konpare perimèt Tapi A, Tapi B, ak Tapi C.

Kilès nan de tapi yo ki gen menm perimèt?

Montre travay ou.

Repons Tapi _____ ak Tapi _____

Ki sipèfisi Tapi A, an inite kare?

Repons _____ inite kare

Pati A

Adam fè yon vwayaj nan machin ki dire 6 zèdtan. Pandan 4 premye èdtan yo, li kondui yon distans 65 mil chak èdtan. Ki distans Adam kondui nan 4 èdtan?

Montre travay ou.

Repons _____ mil

Pati B

Pandan 2 pwochen èdtan yo, Adam kondui 40 mil chak èdtan. Ki kantite total mil Adam kondui pandan tout vwayaj li fè nan 6 zèdtan an?

Montre travay ou.

Repons _____ mil

RETE LA

Place Student Label Here



**Ane 4
Egzamen Matematik
Liv 3
5–7 me 2010**

**Grade 4
Mathematics Test
Book 3
May 5–7, 2010**